

Kouvèti Medicare epi COVID-19

Sèvis orijinal Medicare kouvri ki gen rapò ak COVID-19 se :

Tès COVID-19

Medicare kouvri premye tès COVID-19 ou fè san doktè a oubyen lòt founisè swen medikal kalifye fè rekòmandasyon pou tès la. Apre w fè premye tès la, Medicare egzije pou doktè a ba w yon rekòmandasyon pou tout lòt tès COVID-19 ou fè apre. Ou pa p dwe anyen pou analiz laboratwa a epi pou tout konsiltasyon kay doktè ki an rapò avèk tès la (okenn dediktib, ko-asirans, oubyen kopeman). Sa pou toulède Original Medicare epi Medicare Advantage Plan.

Vaksen pou COVID-19

- Original Medicare Part B kouvri vaksen COVID-19, kèlkeswa si w gen Original Medicare oubyen yon Medicare Advantage Plan. Ou pa p gen pou w peye pou piki yo.
- Food and Drug Administration bay otorizasyon pou yon dòz siplemantè vaksen an oubyen rapèl pou sèten moun ki pli san danje epi moun ki alaj 65 lane oubyen ki pi gran. Pale avèk doktè k ap suiv ou a pou l ba w plis enfòmasyon sou admisibilite w pou vaksen an oubyen pou yon twazyèm dòz oubyen rapèl.
- **Vini avèk kat Medicare wouj, blan, epi ble ou a lè w ale nan randevou vaksen ou an, menm si se Medicare Advantage Plan ou genyen.** Si w pa gen kat ou a avèk k, moun k ap ba w vaksen an gendwa mande pou nimewo sekirite sosyal ou a pou yo chache wè enfòmasyon Medicare ou a.

Tretman antikò COVID-19

Medicare kouvri antikò monoklonal pou tretman COVID-19. Ou pa p dwe anyen oumenm (dediktib, ko-asirans, oubyen kopeman)

Avantaj telesante ofri

Yon sèvis telesante se yon konsiltasyon konplè avèk doktè a ki fèt nan videyo. Diran ijans medikal piblik la, Medicare kouvri konsiltasyon nan lopital epi nan kabinè doktè, konsèy pou sante mantal, egzamen prevantif pou sante, epi lòt konsiltasyon nan telesante pou tout moun ki gen Medicare. Ou ka jwenn avantaj sa yo lakay ou oubyen nan etablisman ki founi swen medikal. Ou gendwa dwe nan pataj frè òdinè (tankou ko-asirans epi kopeman) pou sèvis sa yo, men kominike avèk doktè ou a pou l ba w plis enfòmasyon. Si w gen Medicare Advantage Plan, kominike avèk plan an pou w gen plis enfòmasyon sou pri epi kouvèti a.

Renouvèlman preskripsyon

Si w vle renouvle preskripsyon ou yo anvan lè pou w gen medikaman siplemantè soulamen, kominike tanpri avèk plan medikaman Part D a. Plan ou an dwe pou l retire restriksyon ki anpeche w renouvle pifò nan medikaman yo anvan lè.

Medicare Advantage Plan dwe kouvri tout sa Original Medicare kouvri, men yo ka gen diferan pri epi diferan restriksyon.

Kijan pou jwenn swen diran yon ijans medikal piblik.

Diran yon ijans medikal piblik, plan Medicare Advantage epi Part D dwe pou yo fonksyone pou mentni aksè nan sèvis swen medikal epi preskripsyon medikaman.

Medicare Advantage Plan dwe pou yo :

- Pèmèt ou resevwa sèvis swen medikal nan kabinè doktè, gwo lopital, epi lòt etablisman ki andeyò rezo a.
- Chanjman nan montan frè ou peye oumenm pou sèvis ou resevwa nan rezo a epi andeyò rezo a.
- Renonse kondisyon pou referans
- Sispann règleman ki egzije ou avèti plan an anvan w resevwa sèten kalite swen oubyen preskripsyon medikaman, si w pa kominike avèk plan an alavans frè yo gendwa ogmante epi gendwa gen limit pou w jwenn swen an.

Part D plan yo dwe :

- Kouvri fòmilè medikaman Part D nan famasi andeyò rezo a.
 - Plan Part D dwe fè sa lè w pa ka jwenn kouvèti medikaman Part D nan famasi ki nan rezo a.
- Kouvri kantite maksimòm nan renouvèlman w lan lè w fè demann pou sa.

Kominike avèk State Health Insurance Assistance Program (SHIP) si w bezwen yo ede w konprann kisa Medicare kouvri epi kijan pou w jwenn swen yo.

Kijan pou jwenn SHIP ou a

Nimewo telefòn gratis : 877-839-2675

(Lè yo mande pou rezon koutfil ou a, annik di : « Medicare ».)

Pou lokalize SHIP sou entènèt la : www.shiphelp.org

(Klike sou bouton jòn abriko a ki rele « wenn èd lokal pou Medicare »
oubyen « Jwenn SHIP ».)